ISSN: 2181-3906 2025

International scientific journal
«MODERN SCIENCE AND RESEARCH»
VOLUME 4 / ISSUE 2 / UIF:8.2 / MODERNSCIENCE.UZ

# BOLAJAQ TÁRBIYASHILARDÍŃ KOGNITIV QÁBILETLERIN RAWAJLANDÍRÍWDA SHÍNÍǴIWLARDÍ ALÍP BARÍWDAǴÍ JETEKSHILIK ROLI

**Bazarbaeva Ayjamal Qdırbaevna**

Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institute.

***https://doi.org/10.5281/zenodo.14831470***

***Annotaciya.*** *Bul maqalada keleshekte bolajaq tárbiyashılardıń kognitiv qábiletlerin rawajlandırıwda shınıǵıwlardı alıp barıwdaǵı jetekshilik roli hám onı ótkeriwdegi tayarlıǵı haqqında* s*óz etilgen. Sonıń menen birge mektepke shekemgi tálim shólkemlerinde bolajaq qánigelerdiń kreativ pikirlewi hám mektepke shekemgi jasındaǵı balalardıń baqshaǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın asırıw maqsetinde shınıǵıwlardı hár túrli oyınlar arqalı alıp barıw, biliw, dóretiwshilik kompetenciyalirin rawajlandırıw pikleri kórsetilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *gigienalıq, estetikalıq, ásbap-úskeneler menen támiyinlew, dóretiwshilik hám qaǵıydalı oyınlar, miyneti óz-ózine xızmet kórsetiw, seyiller, tálim-tárbiya, kreativ, kognitiv, motivatsiya.*

# РОЛЬ ЛИДЕРСТВА В РАЗВИТИИ ПОЗНАВАТЕЛЬНЫХ СПОСОБНОСТЕЙ БУДУЩИХ ПЕДАГОГОВ И ИХ ГОТОВНОСТИ К ПРОВЕДЕНИЮ ЗАНЯТИЙ

***Аннотация****. В данной статье рассматривается роль лидерства в обучении и готовности к его проведению в развитии когнитивных способностей будущих воспитателей. Также в целях повышения творческого мышления будущих специалистов и заинтересованности дошкольников в детском саду освещаются идеи проведения мероприятий в форме различных игр, развивающих знания и творческие компетенции.*

***Ключевые слова****: гигиена, эстетика, оснащение, творческие и регулярные танцы, самообслуживание, навыки, образование, творческая, познавательная, мотивация.*

# THE ROLE OF LEADERSHIP IN THE DEVELOPMENT OF COGNITIVE SKILLS OF FUTURE EDUCATORS AND THEIR READINESS TO CONDUCT CLASSES

***Abstract****: This article examines the role of leadership in learning and readiness to carry it out in the development of cognitive abilities of future educators. Also, in order to increase the creative thinking of future specialists and the interest of preschoolers in kindergarten, ideas for holding events in the form of various games that develop knowledge and creative competencies are highlighted.*

***Key words****: hygiene, aesthetics, equipment, creative and regular dancing, self-care, skills, education, creative, cognitive, motivation.*

Tálim-tárbiya processin nátiyjeli ámelge asırıw balalar baqshasındağı pedagogikalıq processtiń hár bir xızmet túrin durıs shólkemlestiriwge baylanıslı boladı. Balalar baqshasınıń pedagogikalıq processinde tálim zárúr áhmiyetke iye boladı hám kúndelik turmıs, oyın, miynet, shınığıwlar arqalı ámelge asırıladı. Shınığıwlarda tálim-tárbiya wazıypaları sheshiledi. Balalar dógerek-átirap, tárbiyat penen tanısıw, til ósiriw, sawatqa tayarlaw, matematika, dene-shınıqtırıw, súwretlew iskerligi, muzıka boyınsha eń ápiwayı túsinikler, bilimlerdi, kónlikpe hám de tájiriybelerdiń sistemasın iyelep aladı. Balalar iyelep alıwı kerek bolğan bilim, kónlikpe hám tájiriybeler balalar baqshası dástúrinde belgilep berilgen bolıp, ol balalardıń ulıwmalıq rawajlanıwın hám olardı mektep tálimine tayarlawda zárúr áhmiyetke iye boladı.

Shınığıw balalardıń kognitiv qábiletin rawajlandırıw yağnıy turaqlı erkti, oylaw, dıqqattı jámlew, este saqlaw, yad alıw sıyaqlı qábileletlerdi rawajlandıradı. Ásirese, balalarğa bilim beriwdi jámáát usılında alıp barıw úlken áhmiyetke iye. Birgeliktegi hárekette balalar bir-birine belsene tásir etedi, óziniń baslamashıllığı, tapqırlığın kórsetiw imkaniyatı payda boladı. Balalardıń jumısına zor beriwshi talap etetuğın wazıypa qoyılğanda birgelikte qayğıradı, jámáátshilik sezimi qáliplesedi. Ekskursiyalar, súwret qıyıp jabıstırıw, qurıw-islew jumısların birgelikte orınlaw, ulıwma ayaq oyınlardı atqarıw, kórkem shığarmalardı esitiw, oqıwda payda bolğan birgeliktegi keshirmelerdi balalardıń birlesken doslıq jámáátin jaratıwğa járdem beredi, birge islew, jasawğa úyretedi. Shınığıw waqtında erkin pikirlew tájiriybesi quram taptırıladı, tárbiyashılarğa qulaq salıw, bayanlanıp atırğan waqıyadağı tiykarğı pikirlerdi ajırata alıw, qısqasha juwmaq shığarıw sıyaqlı tájiriybelerin rawajlandırıwğa úlken itibar beriledi. Tayarlıq toparlarında shınığıwlar arqalı balalardı baslamashılığı hám erkinlik, bilimge bolğan qızığıwshılıq, belsene oylaw, salıstırıw, ulıwmalastırıw, juwmaq shığarıw kónlikpeleri tárbiyalanıp baradı.

Shınığıwlar balalar baqshasında tálimdi shólkemlestiriw forması esaplanadı. Ol mektepke shekemgi tárbiya jasındağı hám de balalar ushın májbúriy sanaladı, onda dástúrdiń mazmunı belgilep berilgen. Kún tártibinde oğan qanday da bir waqıt hám orın ajıratıladı. Shınığıw tárbiyashı basshılığında ótkeriledi, tárbiyashı shınığıwlarda balalardı jańa bilimlerden xabardar qıladı, balalar iyelep alğan bilimlerin bolsa anıqlap bekkemleydi. Balalardıń ámeliy shınığıwların shólkemlestiredi. Oqıw materialınıń mazmunı áste-aqırınlıq penen quramalasıp barıladı. Demek, shınığıw balalardı mektepke tayarlawda úlken áhmiyetke iye bolıp tabıladı.

**Shınığıwdıń dúzilisi:** Balalardı birlestiriw. Tiykarğı bólim. Juwmaqlawshı bólim.

Balalar shınıǵıwǵa qızıǵıwshılıq hám belsendilik penen qatnasıwı ushın shınıǵıwdıń mazmunı hám metodikası puxta oylap alınıwı kerek. Balalar oqıw shınıǵıwın qanshelli puxta iyelegen bolsa, tárbiyashı itibar menen tıńlap, oyınnan shınıǵıwǵa ańsatlıq penen ótedi.

Tárbiyashılar balalardı jıynap, olardıń shınıǵıwǵa tayarlıǵı: sırtqı kórinisi, óz ornına durıs otırıwı, dıqqattı jámlengenligin tekseredi. Shınıǵıw nátiyjeli ótiwi ushın balalarda qızıǵıwshılıqtı payda etiw, bunıń ushın balalardıń jası, qızıǵıwshılıǵına say hár túrli usıllardı qollanıw kerek boladı. Kishi topar balalarında shınıǵıwǵa qızıǵıwshılıqtı oyatıw ushın balalardı qızıqtıra alatuǵın mazmundaǵı kútilmegen tapsırmalar, mashqalalı usıllardan paydalanıladı. «Qulaq salıń birew esikti qaǵıp atır. Bul ayaz ata-ǵoy, bizlerge miymanǵa keldi»-dep shınıǵıwda baslaw maqsetke muwapıq boladı. Tárbiyashı úlken toparlarda bolsa qanday shınıǵıw ótkeriliwi haqqında balalardı aldın ala xabarlandırıp qoyadı. Bul bolsa balalardı keyingi shınıǵıwǵa bolǵan qızıǵıwshılıǵın arttıradı. Máselen, haywanat baǵına ekskursiyaǵa barıwdı balalarǵa bir hápte burın aytıp qoyadı hám olarǵa haywanat baǵın aylanıp shıǵıwdı, ata-anası menen seyilge shıqqanda qanday haywanlardı kórgenin hám olar sol waqıtta qanday keshirmelerdi payda etkenin eslep qalıwın tapsıradı. Balalar bolsa bul kúndi zor qızıǵıwshılıq hám quwanısh menen kútedi. Úlken topar hám tayarlıq toparlarındaǵı balalar ótkerilip atırǵan shınıǵıwdıń zárúr hám májbúriy ekenligin sanalı túrde túsinip oǵan tayarlanıp baradı. Shınıǵıw barısında balalarǵa jańadan bilimler beriledi. Berilip atırǵan tapsırma boyınsha jol-joba kórsetiledi. Tapsırmanı orınlawǵa qıynalǵan balalarǵa járdem beriledi. Sonday-aq, berilgen tapsırmanı hámme balalar tárepinen tolıq orınlanıwın támiyinlew ushın tárbiyashı hár qıylı metod hám usıllardan keń túrde paydalanadı.

Shınıǵıwda tárbiyashınıń balalarǵa qoyılatuǵın talabı, olardıń jas hám imkaniyatlarına say bolıwı kerek. Tárbiyashı kishi topar balalardı eki toparǵa bólip shınıǵıw alıp baradı. Tárbiyashı birinshi topar balaları menen shınıǵıw ótkergende, ekinshi topar balalarına tárbiyashınıń járdemshisi qarap turadı. Tárbiyashı dáslepki shınıǵıw barısında topar bólmesi, quwırshaq hám oyınshıqlar menen tanıstırıw kerek. Quwırshaqlar járdeminde bolsa shınıǵıw ótkeredi. Tárbiyashı dáslep balalarda shınıǵıwǵa qızıǵıwshılıq oyata alsa, keyin shınıǵıwdıń hámme ushın májbúriy ekenligin balalardıń sanasına sińdirip baradı. Ótkerilip atırǵan shınıǵıwlar kem-kemnen quramalastırılıp, balalardıń minez-qulqına maslastırılıp barıladı. Balalar shınıǵıw barısında ádep-ikram qaǵıydaların iyelep baradı. Durıs otırıw, tárbiyashınıń sózin dıqqat penen esitiw, basqa nársege shalǵımaw, tárbiyashınıń sorawına juwap beriw, juwap bergende ornınan turıw sıyaqlı qasiyetler úyretiledi. Shınıǵıwdıń sapalı hám onıń nátiyjesi tárbiyashınıń oǵan qalay tayarlıq kórgenine hám pedagogikalıq sheberligine baylanıslı boladı.

**Shınıǵıwǵa tayarlanıwdıń mazmunına tómendegiler kiredi:** shınıǵıwdı rejelestiriw, zárúr buyımlardı aldın ala tayarlap qoyıw, balalardı shınıǵıwǵa tayarlaw.

Tárbiyashı shınıǵıwdı bir bólimnen emes, al pútkil bir shınıǵıwlardıń sistemasın rejelestirip alıp barsa, unamlı nátiyjeni qolǵa kirgiziwi múmkin.

Tárbiyashı shınıǵıwlardı metodikalıq ádebiyatlardan keń túrde paydalanǵan halda alıp barıwı kerek. Eger shınıǵıwlar quramalı bolsa, tárbiyashı oǵan reje dúzedi. Rejede shınıǵıwdıń mazmunı tayarlanıwı ushın zárúr bolǵan buyımlar, balalar menen alıp barılatuǵın dáslepki jumıslar, shınıǵıw barısı hám tárbiyashı paydalanatuǵın metodikalıq usıllar kórsetiledi.

Hár bir baqshada metodika kabinetleri bar, onda «Balalar baqshasında tálim-tárbiya dástúri»niń barlıq bólimleri boyınsha metodikalıq qollanbalar boladı. Jetispegenine tárbiyashınıń ózi tayarlaydı, geyde bul jumısqa úlken, mektepke tayarlaw topar balaları da tartıladı. Tárbiyashı shınıǵıw ushın zárúr materiallardı bir kún burın tayarlaydı. Tárbiyashı balalar baqshasında tiykarǵı shaxs bolıp esaplanıp, jas áwladtıń tárbiyalanǵanlıǵı hám bilim dárejesi onıń ideyalogiyalıq, siyasıy hám ilimiy pedagogikalıq tayarlıǵına, juwapkershilik sezimine, qábiletine, pedagogikalıq sheberligine baylanıslı boladı. Ádette, balanıń oqıw jumısına bolǵan múnásibeti de onıń tárbiyashı shaxsına bolǵan múnásibeti menen belgilenedi.

Juwmaqlap aytqanda tárbiyashı shınıǵıw barısında jańa pedagogikalıq texnologiya materiallarınan hám tárbiyanıń nátiyjeli metod hám usıllarınan paydalansa, balanıń ruwhiyatı, jas hám ózine say ruwhıy, fiziologiyalıq ózgeshelikleri esapqa alınsa tárbiyanıń nátiyjeliligi artadı.

## REFERENCES

1. Bazarbaeva A.Q.Bo‘lajak tarbiyachilarning kognitiv qobiliyatlarini rivojlantirishning pedagogik shart-sharoitlari// Toshkent Davlat Pedagogika Universiteti ILMIY AXBOROTLARI 2023/ 8 – SON 229-236 b
2. Bazarbaeva A.K.Methodology for developing the activity of future educators’ cognitive abilities// SCIENCE AND INNOVATION INTERNATIONAL SCIENTIFIC JOURNAL VOLUME 2 ISSUE 8 AUGUST 2023 UIF-2022: 8.2 |ISSN: 2181-3337 | SCIENTISTS.UZ
3. Bazarbaeva A. Bo‘lajak tarbiyachilarning kognitiv qobilyatlarini rivojlantirish metodlarining komponentlari// Toshkent Davlat Pedagogika Universiteti ILMIY AXBOROTLARI 2023/ 7 – SON 22 b